



YOUR QUESTIONS ANSWERED

SOAP
Society for Obstetric Anesthesia and Perinatology

A Product of
the SOAP Patient
Education
Subcommittee

Enfòmasyon pour recuperasyon amelyore apre akouchman par césarienne/ sezaryèn (ERAC nan anglais)

Yon pwodwi de Komite Edikasyon Pasyan

Authors: SOAP Patient Education Subcommittee

Translated by: Chantal T. Edmond, BS, MA, Anne-Sophie Janvier, MD,
and Chantal Pyram-Vincent MD, MPH, FASA

March 2024

ERAC se yon seri etap ki ede paran ki ap akouche a refè apre yon akouchman pa sezaryèn pou facilite sekirite ak temps pi bonè lè ou sòti nan lopital. Dokiman sa a bay enfòmasyon sou fason pou ou prepare, sa pou ou atann anvan akouchman pa sezaryèn, pandan sejou lopital la ak imedyatman apre egzeyat. Sa yo se direktiv jeneral. Doktè ou yo ak lopital la ka modifie kèk aspè espesifik pou ou.

Anvan operasyon an :

- Nan vizit klinik la, ou pral rankontre ak obstetrisyen ou, fanmsaj ou, oswa doktè fanmi ou.
- Poze nenpòt kesyon ou ka genyen bay doktè ou ak enfimyè ou yo.
- Pesonèl enfimyè ap ba ou enstriksyon pou prepare ou pou operasyon.
- Swiv enstriksyon laboratwa pou fè tès san ak tès COVID-19, si sa aplikab.




Lannwit anvan operasyon :

- Manje yon repa nòmal nan lè soupe; pa manje okenn manje solid / gra apre minwi.
- Benyen ak solisyon antiseptik yo bay dapre enstriksyon yo.
- Bwè #1 boutèy bwason kaboidrat klè anvan ou dòmi daprè enstriksyon yo. (par example: Clear Ensure®, Gatorade®).
- Li konsidere kòmpon pou bwè likid klè jiska dezèdtan anvan ou ale nan lopital la, si ou vle (par egzanp: dlo, kafe san krèm/lèt, ji klè san ma). Konfime enstriksyon sa yo ak founisè ou yo.
- Retire tout bijou, bijou kò, zanno kò, ekstansyon zong ak nepote klip nan cheveaux ou.



Jou operasyon an :

- Bwè #2 boutèy bwason kaboidrat klè dezèdtan anvan ou rive nan lopital daprè enstriksyon yo.
- Benyen ak savon anti-bakteri yo bay dapre enstriksyon yo.
- Tcheke nan lopital ou a lè ak kote yo ba ou.
- Rankontre ekip obstetrik, anestezi ak swen enfimyè ou yo.
- Ou pral ranpli konsantman enfòme yo; poze doktè ou nenpòt kesyon nan moman sa a.
- Pesonèl enfimyè pral mete liy venn, tcheke ti bebe'w la epi prepare ou pou operasyon.
- Y'ap mennen ou nan sal operasyon an.



Nan sal operasyon an :

- Y'ap fè yon chèk sekirite pou konfime non ou, dat nesans ou ak operasyon w'ap fè a.
- Y'ap fè yon anestezi rachi/peridural pou kontwole doulè pandan operasyon an.
- Yo pral aplike aparèy konpresyon sou janm ou pou anpeche san koagile.
- Y'ap mete yon katetè nan vesi a pou drenaj pipi a.
- Y'ap netwaye vant (ak vajen nan kèk ka).
- Y'ap mete yon rido chirijikal, epi yon founisè pral konfime ou konfòtab pou operasyon an kòmanse.
- Yon moun ou choisi pou bay sipò ap vin jwenn ou nan sal operasyon an.
- Apre akouchman ti bebe a, yon enfimyè ou bien un doktè ti bebe ap tcheke ti bebe a.
- Lè ti bebe a pare, y'ap mennen ti bebe a ba oumenm oswa moun sipò a pou li fè lyezon.



Nan sal de rekiperasyon :

- Ou pral refè nan yon zòn ki kontwole jiskaske ou ka bouje janm ou oswa apeprè dezèdtan. Apre sa, y'ap mennen'w nan yon chanm kote ou ap rete pou rès tan ou fè lopital.
- Si ou gen doulè ki pa kontwole, enfòme enfimyè ou.
- Si ou pa gen noze, ou ka manje nòmalman.



Enstriksyon apre Sezaryèn :

- Lè ou ap mache pou premye fwa, enfimyè ou ap ede ou bò kabann lan pou asire sekirite ou.
- Nou ankoraje ou kòmanse mache nan koulwa lopital la omwen sis fwa pa jou.
- Sonje repoze epi dòmi lè ti bebe'w la ap dòmi.
- Manje bagay ki bon pou sante regilyèman epi bwè anpil dlo.
- Ou pral resevwa enstriksyon pou swen pou ensizyon ak medikaman anvan egzeyat.
- Ou pral resevwa yon randevou pou vizit apre akouchman apre egzeyat.
- Lakay ou, altène itilizasyon asetaminofèn (Tylenol®) ak ibipwofèn (Advil®) pou doulè ak adousisan poupou lè sa nesesè.
- Pa leve nenpòt bagay ki pi lou pase ti bebe'w la oswa chèz bebe pou machin ou.
- Rele nimewo telefòn yo bay ou a si ou gen lafyèv (100.4 F oswa pi wo), gwo doulè, noze/vomisman oswa konstipasyon.

